

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koclon
M. Sahari - Bogor

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dituluk di Soekapoea drukkerij Tasikmalaja.

LANGGANAN.
Pangmiraha dina 3 asih f 1,50
Sataoen f 5,-
Dibajer ti pajoen Salambar 15 sen.

Looeahan vergadering Pasoendan wengi SENEN di K. Mitra!

Panjpoeh.

Ieu Pepeling noe dihandap, sines barang „model baroe”. Du parantos mangtaoen-taoen, tapi nadjan barang koeno kapan loba noe aloe, koedoe dipiara. Tjeuk koering mah asa maber ieu teh, noe matak disipoeh deui oelah leungit tjahejana, njaah. Toe roeg-toeroeg naa bet asa ploesplos teuing djeung noe keur dianginan-angena koe oerang Bandoeng, Nji „Goena Perniagaan”. Moal teu ngagarakgak bestuurna, moen geus maratja ieu Pepeling. Mangga dangoekun saeng lampabkeun.

Pepeling ka perang pribomei.
Kabupaten Tasikmalaja.

Kami Boepati Tasikmalaja meperling koe sakabeh oerang pribomei kabupaten Tasikmalaja.

1. Koedoe ichtiai kana djalan kaslametan, ngadjuga sagala roepa bahlia;
2. Koedoe ngamadjoekun daradjat boh tina tani. boh tina dagang.
3. Koedoe rempoeg djoekoen, silih pikantash djeung babatoeran, silih toeloeng, silih djoengdjoeng daradjat.

BAB KA 1

Moenggoeh djalma tea henteu longeng, tegesna henteu salawasna salamet bae, tapi keuna koe sagala bahlia katjilakaan. seperti: kaheroean, koe lini, kaoeroegan lantaran goenoeng bitoe, pakaja koe hama atawa katjaaban djeung salian ti eta noe ngadjadikun „oesah gede ka djalma-djalma nepi ka koedoe ditoeloeng koe Goevernemen djeung sedjen-sedjen noe mikaroenna.

Perloe pisan sakabeh djalma aringet djeung ngadjaraga kana ieu katjilakaan, sarta ichtiai soepaja dina waktoena aja katjilakaan bisa noeloengan sorangan. oelah ngandelkeun pitoloengna Goopermenen djeung noe sedjen.

Baris noeloeng djalma anqe katjilakaan perloe djalma-djalma ngarajaken doit hadiah gedena saroepia sewang. Sakabeh djalma keot pada sidekah f 1.— taja beunghar taja malarat rata saroepia bae. Koe sabab eta noe f 1.— teh dooit pasilekah, djadi djalma noe koering mampoeoh oleh-henteu ingeunah hate doekeh disaroeakeun djeung djalma noe tjoekoe, da ngaranna oge sidekah. Ngan dina majarna ari djalma noe tjoekoe malo koedoe samasekali, deme djalma noe henteu tjoekoep menang noengtoet majar, tapi dina diero satahoen koedoe loemis. Ari sidekahna doait teh ngan sakali djeung saroepia bae.

Poegoch pisan eta dooit hadiah sadesa desau mab henteu gede, tapi dibidijkeun sadistrict djadi gede, soemawonna lamoen dilidijkeun sakabopaten mali tangtoe djadi leuwih gede, kira-kira aja f 200.000.—

Soepaja djadi gede djeung djadi koetoe perloe dihidijkeun sakabopaten baes ieu dooit pasidekah diteundeun di SOEKAPOERA HULP - SPAAR en BEDRIJFSKREDIT BANK di Tasikmalaja. Ngatoerna inakena doeit, djeung djalma noe katjilakaan koemaha noe koedoe di toeloeng ditepkeun koe djalma-djalma dina koenpoelan desa.

BAB KA 2

Gens mang tahoen tahoen oerang pribomei ngalampahkeun tasi djeung dagang, tapi euweuh pisan kama-

Redactie:
Heerenstraat 31.
Administratie:
Stationsweg 17 Tasikmalaja.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redakteur di Batawi
SORIAH RADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Fangs ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,- {
1/32 " 1,25 } Sakali moeat.
Langganan langkoeng mirah.

djeuanana, lamoen dibandingkeun djeung toekang tuni atawa padugang bangsa sedjen.

Sababna tja lian ngan emboeng hese tjaope, koerang modal. Aja oge hidji doea pakoeimpolan dagang, atawa tuni, tapi tara lila, sabab teupoegoeh noe ngoeroesa, lid-lidna henteu saha kapekoemplanana djeung teu pertija ka babatoeran.

Koedoe pisan oerang noeroetan bangsa-bangsa sedjen saperti haggisa Europa, Amerika, Djepang boh tina tani, boh tina dagang katjida pisan maradioena.

Dooit pasidekah noe kaseboet di loehoer salianna dipake perdjugaan katjilakaan teh koekoe djeuanana kana sagala roepa noe ngadjadikun kaeontoengan djeung kumadjoen oe-rang pribomei.

Henteu koerang koerang pangusilan tanah djeung roepa barang kradjinan noe biusa ngoentoengkuun ka oerang pribomei, tapi ari boektina ajeuna noe hese tjaepna oerang pribomei, ari noe oentoengna, soegihna manbangsa noe sedjen. Tinimbang kaeontoengan koe bangsa sedjen, atoch anggoer koe oerang. Soepaja ieu kaeontoengan bisa kapimilik koe oerang, oenggal district koedoe ngudieg keun Pugoejoeban dagang baris meuhi djeung ngadjoealna eta pangasian tanah, kajania kapol; rinoe, tjeuke, seureuh kopra, goela goenoeng djeung salian ti eta, djadi djalma-djalma ngadjoealna teh ka eta Pugoejoeban, koe sabab loba pangusilan tanah djeneng barang-barang kradjinan djalma noe pajoe ka loear poelo. Djawa saperti ka Europa, Amerika, soemawonna kaloear Afdeeling mah katimbang perloe pisan di kotta Tasikmalaja diajaan goedang gede, nja eta baris tempat neundem roepa-roepa barang dagangna ti district district noe baris didjoel. Pangoeores-pangoeoresna koedoe djalma noe malaugarti pisan kana bab dagang, sabab koedoe ngoeroes sakabeh Pugoejoeban soesoretan djeung padlagang-padlagang (firma) noe galede, njeta majoekueun atawa nawarkueun barang-barang.

Njeun koempolan djeung oetoe-sau pagoejoeban ngabadikeun sagala roepa kapoorloean, kamadjoen pagoejoeban; netepkeun harga barang dagang, netepkeun pangasian noe djadi pangoeroes, djeung salian ti eta.

Dinana aja pamenta barang ti sedjen-sedjen tempat, nja ka eta pangoeores. Lamoen di Goedang Tasikmalaja henteu salia, pangoeroes njoe-ratan ka pagoejoeban-pagoejoeban soepaja pada ngirim.

Barang-barang noe beunang dijoeal koe pagoejoeban-pagoejoeban koedoe dikirimkeun ka goedang Tasikmalaja, tapi bisa didjoelatorodjogen bae.

Baris noe djadi Pangoeores di kota Tasikmalaja koedoe njoechoenkeun pitoloengna Pangagoeng.

Ngatoerna inakena doit ditetepkeun dina koempolan desa. Djalma-djalma koedoe ngawasaken ka kapala desana djeung ka pangoeroes di Tasikmalaja baris ngoeroes sagala roepa kapoorloean Pagoejoeban.

Tadi di loehoer geus disabotkeun dooit teh pasidekah djalma-djalma jadi kana kaeontoenganana oelah ngarepekeun, oelah aja ingetan boga-hag, kapan eta doeit geus disidekah-keun.

Kitoe deni eta doeit pasidekah djeung kaeontoenganana telu sadjabana dipake noeloeng ka djalma noe katjilakaan baris digenaken kana sagala roepa noe ngadjadikun kaeontoengan, kamadjoen djalma sa-

kabeh. Djeung deui pagoejoeban njokotna kao ontoengan ngan sakadarna bae, baris ongkos-ongkes djeung ga-djih pangeroes, djadi gegedena kaeontoengan mah baris djalma-djalma noe boga barang.

BAB KA 3

Tjonto karoekeyan, kasetiaan noe perloe di troeretan, nja eta:

„Pagoejoeban dagang aneh di ngan ranan UNIONE COOPERATIVA di adegeun di tahoen 1886 di kotta Milaan, karadjaan Italia (Europa); lobana lid aja 134 gedena modal f 850.— dina djero 13 tahoen 1886-1899 bisa djadi lobana lid 5154 modalna f 570.000,— boga:

16 toko galeda;
1 roemah makan;

1 pameuleuman (fabriek) roti;

1 sakola;

1 toko minoeman anggoer, kantor-kantor djeung gedong-gedong seawaan.

Moega-moega ieu pagoejoeban Unione Cooperaativa djadi toeladan, dja di obor njaangan atiha oerang pri bemi noe keur poekeun, soekreudjeung soehoedna noeroetan.

Kami neneda kanoe mahal Soetji moega moega oerang pribomei kabupaten Tasikmalaja diboekakeun pikiranana kana djalan kamoeljaan, malah mandar koe lantaran ngimaneun ieu pepelis bisa nepi ka noe dimaksoed tani dagang djadi tambah madjoe harkatna oerang pribomei djadi tambah loehoer, aman!

Salam kami ka sakabeh noe matja djeung noe ngadengekeun.

1g. Wiratanoeningrat

Gewest Priangan

Djalan-djalan di Tasikmalaja keur diaspal (diter). Seuneuna ugeboel ti kadiahehan geus katendjo.

Tapi diaspalna djalan henteu kabeh, dipapajan bae noe rada rame diheuleukeun. Doeka noe sedjeu deui rek diaspal doeka henteu. Ari noeroet keun kaadilan mah koedoe kabeh, kadeun djalan bareupeun oerang Soenda oge koedoe diter teh da sareba boga rasa oerang Soenda teh. Ari keur halodo djalan ugeboel mah katjida si Soenda miskin oge ugarasa engap.

Soenda major padjeg doeka saeutik doeka naon.

Ngan eta aneh iu lan tatjan kabeh diaspal djalan Tjihideung djeung djalan Station geus diaspal deui. Djadi noe henteu, henteu pisan, noe geus diaspal, diaspal deui.

Heran na moal diperloekeun djalan noe sedjen mah, ngan eta bae djalan noe hareupeun noe baleung-bar. Tjing kahajang teh sing rata-bae, sing adil djalan noe rame diaspal, noe teu rame diter sakoer djalan tanggoengan Gewest mah. Oeloh pilih kash. Tjing saha noe tiasa matisan katerangau tina hal ieu? Da opcenten kabeh oerang kampoeng pada major teu aja pisau bedava ari katenan.

Moegi-moegi bae ka noe njaah ka oerang kampoeng dina kempelan Gewest like raad ieu perkewis djalan njoechoekeun dipai gharoskeun, oelah doegi kataladjengan.

Moegi sing kersa ngoeroes kaporloean oerang kampoeng oelah kapatlang ujush ka abui noe miskin, keur mah padjeg geus sakieu beuratna.

Oerang kampoeng.

Kekenginan ti Soerabaja

Kasinggakeun ka paleoneun

dr. H. B. Pasoendan.

Dina S. P. No. 22 Pasoendan Tjabang Serabaja ngiutoeuan „serat ki-

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadja
Tjiamis.

Djawa wetan:
Biaoeran G II No. 28.
Soerabaja.

Ti pipir hawoe.

Telepon.

Rrrring! Halo, kantor Samboeng djeung langganan Torek Ja!

Torek - atanapi saliwang?
Tjekeng oge kintoenkun artos lang-ganan.

Rrrring! Halo, kantor samboeng djeung langganan Kaleked.

Tireng kadinjah, bae toeh moerangkalib.

rek ka kanto...
Rrrring!
Kadijou...

Jal Allah Djing...
wissel formulier pirako...
onaman geuning etah aja dina...
woewoehan lima benggel deui-djoeng piwarang hadega.

Moal enja Zetter niiskeun hawoe?
Lah, koe matak ngagawakeun ngadresan oge sakitoe ripoeuh geneperatoes langganan noe majar laen loemajan gave, Stop kitoeh atawa entong noe teu majar bae teh.

Gelenjoe.

(*)

riman" mksadna ngondang sisa anoe kersa roeroempaheun njoempi ngan pestana Tjabang Soerabaja, mestakeun perkempelan oerang nja eta Pasoendan oemoerna djeung 10 tahoen. Barang dijism koering ningal eta „serat kiriman” djol-djol gilig bae pipikiran, jen bade maksikeun maneh dongkap ka Soerabaja. Eukeur mah mksad ti tataina, katoeroeg-toeroeg goebrag visan serat ti djoeraan Presiden Soerabaja, nja eta serat pangondang. Atoeh lebet kana paribasa „mobuk manggih gorowong.”

Bilih djoeragan - djoeragan henteu aroeninga, pikeun dijism koering loenta ti rorompok ka Soerabaja teh sanes perdjalan anoe gampil, margi rorompok teh ajana di hidji dessa tengah tengah leuweung djati; snoe neah desa Goenoengrambeet. Oepami dijism koering bade kana kareta, djalanna ti Goenoengrambeet ka Ngawi (res. Madior), heula. Ieu perdjalan henteu tiasa koe dokar ngingking koe koeda, oepami istri ditandoe. Ti ngawi njewa dokar ka Paron tebihina 6 pal. Nembe ti Paron oerang tiasa meser kartjis keur ka Soerabaja.

Soehoeboeh soebuh dinten Saptoe kating 13 Decembeer kaleresan langit lenglang toer haranang tentang, angin ngahiliwir, hawa kawautos bawa leuweung noe teu kinten segerna, dijism koering toempak koeda „ditar-keun reng ngabnedjeng ka Parou. Poekkoel satengah sapoeloh kareta ngabisies ti kelon ka wetan. Titingalan pikeun oerang mah, oerang Priangan henteu matak njirnakeun hate, da tau sue dihantingkeun sareng di oerang mah. E ggalna bae kareta dongkapna ka Soerabaja meh satengah doe. Pisaminggoeun deui ka miang dijism koering parantos seseratan sareng Bestur Soerabaja. Anoe hade mapagkeun dijism koering parantos ditangtoskeun nja eta djoeragan. Somadiptora. Barang reg teh kareta eureun, djoet dijism keling toeroen oelak-lik ka Koelon-ka Wetan, ka Kidoel ka Kaler ningalan djoeragan Soma, ngingking weleb teu kapendak. Toengtoengna mah leos bae ka loear. Naaaaa ari keur ngadjanteng di loear bari mikiran piloseun, djol-djol geboet bae aja noe neunggen ti pengker, ari dilieuk bet Kang Soma, singhoreng andjounna oge sami pada koe-

lantang - koelinting ningalian djisim koering.

Saparatos celock-salam tjak kana taxi ber koe djoeragan Soma ditjan-dak ka boemina di Blaeeran Gang II No. 28, saboemi sareng djoeragan Bakri, Presur Pasoendan Soerabaja.

Di boemina ieu doea djoeragan djisim koering teu kinten dipopeo-djoehkeunana. Kawasna bae, anoe dihormat di dieu sanes Odang, nanging "wawakil Hoofd bestur Pasoendan" margi djisim koering teh sadjabina ti niat pribados teh dijadi wawakilna H. B., ngadongkapan pestana Tjabang Soerabaja. Tapi kadeun teuing kitoe-kieu oge da noe mah-mah-mih-mibuna mah Odang sanes kitoe djrg. Soma, djrg. Bakri?

Saparatos ngaso, djisim koering koe pribomi ditjandak pelesir Son-tenna kinten taboeh satengah toe-djoeh keur noedjoe ngalingkoeng hari gokgak ngobrol, gebret teh hoedjan. Djrg. Bestuur Soerabaja nja kitoe deui djisim koering teu kinten bae inggesna, risina bok bilih pesta henteu kadjadian, ningal hoedjan sakitoe ageungna. Nanging, moerahna Goesti anoe maha Soetji, nangtajoengananaka machloekna noe taregen-pikir kana haloeanana, satengah dalapan hoedjan raat teu sakara-kara. Djisim koering sareng priboemi enggalna mios ka Societeit Taman Kamoejan, tempatna pesta Pasoendan Soerabaja tea.

Aja Iadiengna.

Oedaganana N. V. Goena Perniagaan

Soepaja djelema rea bisa terang kangsaksiedna Goena Perniagaan, ieu di handap dibatoekeun wintjikanana noe dipedar koe Djrg. Nawawi. Directeur na sareng Djrg. A. Wirasamita. President-Commissioner na waktos propaganda vergadering di Tasik sasih pengker.

Saeer djrg: Nawawi:

Noes dimaksad koe pribados bade iichtiar manawi tiasa ngadamel tjabang di dieu, sarta bade njoechoenkeun pangrodjong sadajana para djoeragan. Samemeh orang badanten, koemaha pitarekaheunana, pribados bade ngadarkeun heula naon kaperloeanaan, orang kedah ngajakeun tjabang Goe na Ferniagagan, anoe maksadna ngajalankeun artos, sareng dampi artos simpenan, sakoemaha atoeran afd. Bank, ditambihan koe siwpenan nganggo contract.

Geura mangga ajouna oerang manahan, jen oerang dongkap ka ajouna tetep tergantoeng ti bangsa lian, boh dina perkara perdagangan boh tina perkara namboet artos. Doegi ka kiwari teu atjan aja bank bangsa orang sorangan anoe tiasa masihan tjoekang pikeun kana perdagangan. Sanes bae pikeun oerang teu atjan aja tjoekang kana perdagangan ageung, nanging kana tatapen anoe alit oge orang keukeuh tetep tergantoeng ti bangsa deungeun, sarta kaeontoengan kesang oerang sareng tanah oerang teh tetep dibantoonan koe bangsa deungeun. Di Bangsa Eropa sakito parantos seueurna bank-bankna anoe pinceloenganeun ka arandjeunna, ujukitoe deui bangsa Tiong Hoa parantos garadoeheun bank, tapi naha ari bangsa orang bet tetep tia-tis dijabe, djiga teu aja bodiah, teu panas hate koe batoer. Keur mah tanah oerang. (Tanah milik) pikeun djalang ngandjoek artos meh teu aja hargana, henteu tiara tanah eigendom. Oepami oerang namboet ka afd. bank, kalentang saeutikna dipasihen teh, keur saeutik teh waktosna teu tjekek pi-keun ngagolangkeunana. Eta perdjalan teu aja sanes moeug diemanaan teh kedah koe oerang keneh, da oerang noe boga tanah da oerang anoe perloe eta tanah bisa digadekeun kana artos anoe rada ageung, sarta reutenna anoe henteu abot teu ing. Jaktos oerang tiasa ngagadekeun tanah oerang kaua artos rada ageungan, nja eta ka Tjina, Arab, naging rentenna oge sakitoe ageungna, bororaa haja hasil, pokona ge katjeot sarta lamoen teteresan mah bet matat dijadi ledis habandaan oerang teh koe lantaran ngandjoek. Djadi koe lantaran tadi ngandjoek pikeun pimo-daleun, sangkan loba oeutoengna tapi ari wekasannana het dijadi boentoeng. Koe sabab eta tangtoe oerang anoe boga kaperloeanaan, oerang anoe koedoe tarekah. Djadi kamistian oerang ngadegkeun hidji badan anoe pikeun noeloeng ka oerang tea. Eta badan tangtos pisan kedah aja pimo-daleunana, sarta kaeontoenganana oge

koedoe katampa koe oerang keneh. Tah eta saeutik tina hal kaperloeanaan ajaan badan pikeun ngagedean modal oerang. Ajeuna oerang nja-rioskeun perdagangan oerang.

Dagang teh boh alit. boh ageung, kedah aja moearana, nepi ka ajeuna eta mearana aja di tangan deungeun (noe dijati tangkoek teh seuseurna bangsa Tjina, ti dinja toeoej toemoeloej anoe teras ka nagri batoer, tetep bangsa deungeun bae. Njakiteu deui barang anoe darongkap ti nagri batoer, ngotjorna teh bet henteu tereso ka oerang, nanging tetep kabatoer deui bae, oerang mah nampa sereden. Sepertona:

Tina siti. Tani bangsa oerang anoe ngatji. ari kaeontoenganana mah bet dirawat koe batoer. Pare oerang anoe melakna, ari noe oentoengna batoer. Boweh sarta roepi-roepi barang anoe oerang boetoe sapopoë nampana oerang teh bet ti bangsa batoer. Djadi anoe aja di oerang kaeontoenganana kop koe batoer, anoe oerang boetoe ditambah pikeun kaeontoengan batoer, ari oerang atoeh naon hodjhana. Koemaha atoeh sangkan oerang meuang saeutik-eutikeun tina eta kaeontoengan? Nja teu aja deui kadjabi kedah oerang rempoeg djoekkoeng, sarta dioerang kedah aja badan anoe oerang sorangan anoe koedoe noeng-toen ka oerang, sarta anoe bisa noe-loengan ka oerang. . . . toelang tong-gongna, anoe dijadi kakocatan oerang, toekang dagang teh, teu aja sanes kadjabi ti anoe dijadi bank. Eta bank koedoe anoe bisa narekahan soepaja barang oerang bisa tereso toemraes sarta samemehna eta barang lakoe, bank anoe koedoe bisa mere pikeun tatali hoerip saheulaanan ka oerang. Tadi parantos ditjarioskeun jen deungeun mah ka oerang teh tatjan pati pertjaja, dijadi nja oerang deui bae anoe koedoe boga alpoekah pikeun agajalanan eta teh. Di dieu parantos boekti jen oerang teh kedah ngajaken bank sorangan pikeun noeloe-nan diri oerang.

Aja samboenganaan.

Hariring pangwaler.

Sarehing dina Sipatahoenan No. 24 aja panarosan anoe di druk dina sisina kieu cenina.

Naon sababna bangsa oerang hi-roepna zanga?

Di waler koe Dangdanggoela koerik.

1. Njaring oeteuk sarta sehat piker, tjaang padang enggong di doe-ja, hamo sangsara hiroep teh, djaoeh ti panjakit bingoeng lantaran daek taliti, ngariksa naon goenana, moenggoeh djalma hiroep, kalawan pangghatana, henteu goegoep tegesna salah mangaiti, kana larapeuna-na.

2. Moal bodo moal tjoepet ati, soemawona sangsara hiroepna da be-da ti bangsa sato, djalma mah masing perdoe, kanoe lajak noe tjoetjog djeung harti, harti anoe moenasaah, tegesna noe oemoem, noe merenah kana rasa, tjita tjita kalajan pikir noe bening, pambruh soegema larapna.

3. Kabeh djalma pada boga harti, harti tea geuning roepa roepa, noe-roetkeun pamanggih bae, boh elmoena boh panemoe, paladjaran meunang nilik noengtik. noe toemiba kana rasa, noe heunang njoesoeroep, geus tangtoe sami merenah, pangakoena geus hasil aja pamanggih, tinggal ngarasa-keunana.

4. Noe geus jakin dina sanohari, sing taliti mindeng di pariksa, selah kabegal koe poho, ka bengbat koe hawa napsoe, koe sakilat panggoda ka diri, babasan koe mokahaan, tegesna ka tiptoe, noe n.poe lain noe liyan, rendengan teu djoaoeh pisan djeung diri, karesepna ngarantjana.

5. Ngarantjana bari ugistik ngoedik, koekoelotoes barina mamaksa, pokna hajoe oerang norek, hajoe oerang ngadoe oenggoel, ngadoe rasa djadatening hoerip, baidkeun si lima papa, hiroep koedoe oenggoel, eusi hiroep teh di doenja, eleh paham sisip koe sedjen poslitik, koerang tina kamoejian.

6. Tjobi mangga lenjepan koe galih, di soesoeroep koe lebah soerasa, dari di hantem di ajon, erggonging ajana napsoe, anoe maksa njoempinan pang hoerip, taja sanes moeng amarah, ngadjak koedoe oenggoel, tenetah aja di doenja, ari pokna bongan

sagalau teu mahi, toengtoengna aral soebaha.

Si Kebe.

L. S. Pitjeun pikiran noe soelit, ganti koe pikir noe tjaang, si emboeng ganti koe daek, males ganti koe rapekan, amarah ganti koe sabar, moemoel ngadole geura tjoetjoe, teangan elmoe matjakal.

Kabinangkitan.

Koe hajang teuing loba panemoe gede elmoe, ambeh bisa njarita kabinangkitan oerang Soenda.

Aja pangaroeh bisa ngadjak ka batoer djenoe bala rea. Si Pat. disini ngalajang ngoear-ngoear oerang kieu oerang kitoe,

Mogok didjalan keneh, ngadago Dr. Mr. lebeng, noenggoe djoeroe pantonee loepoet, najaga panajagar langka.

Noe njaho teu djol, noe daek teu trete.

Koemaha atoeh?

Nja oerang otjal-otjal bae saaja-aja pimanaeun 'ari ales onaman, soegan gorengna tea bae.

Naon snoe dijadi loeloegoe anoe matak hajang njaritakeun kabinangkitan di dieu?

Noe dijadi bakoe teh, pedah eta bae lakoe noe ngahariring teh, keur sepi tina lakoe goreng atawa keur djoaoeh tina amarah.

Geura oerang eunteukeun.

Toeh si Dadap ngahariring semoe noe keur genah-genih.

Manehna keur ngalakoekeun, pagawean noe henteu goreng-henteu ambek.

Ana poegoeh, pokpokanana bentes ketjapanana diseboetna ngawih atawa tembang.

Anoe tembang keur ngalakoekeun pagawean teu goreng, keur noenda amarah.

Tah noe dijadi djedjer hade, hajang tjarita teh, mending tembang batan ngoepat, tjarita noe taja boeahna.

Tamba keueung tembang tembang kadinjah.

Pepeude boedak roengsing sina sare, heup ngawih.

Boedak repeh tjeurikna, eleh koe kawih indoengna, lila-lila ngadeugekeun, bakating ngeunah, lelejepan reup sare.

Keur soesah gede hoetang, ari ngadengne noe ngeunah tembang, pohokana rekening ass poenah.

Keur poesing ngadengne noe ngahariring, lat kapoesing.

Ari beurat mah digawe teh-bari ngaharing anggoer ambeh hampang.

Pirakoe sarereea bireuk? Djadi pantsena mah sarereea pada bisa pada resep, malah ti boedak oetama mah diajjar.

Tjarek ahli rikrik kana ridki gemi matak hamboer doeit.

Tjarek ahli agama noengtoen djalanan ria oedoeb takaboe.

Pek pang nerangkeun noe ariasa!

Koering nah sakadar noe aja di koering bae, pamanggih koering, keur noe ahli gemi diajawuna teh: njaeta noe matak koedoe bisa sorangan oge.

Teu bisa, atoeh njaho anggah oenggoehna, oelah poegoeh dengekeuneun pek tjarita seuseureun, noe tembang tembang noe ngawangkong-wangkong (andjing ngaler bagong ngidoel).

Keur noe ahli agama, kawas kajawab koe noe tadi oge jen djelema anoe keur ngahariring atawa tembang, lakoena kawas anoe keur poe-poedjian bae.

Lain ngantjik dina kagorengan tjenah eta hajang kapoedi nguneun sora, meureun panjawadna keuna deui ka noe keur ngadjil dilagoekueun atawa poe-poedjian dibarengkeun geung sol kadengen dilagoekueun.

Abong kena poe-poedjian ngarahaunah koe andjeun woengkoel, moen moedji enja.

Kawas noe ngaroedat, tjoeroek (ramo) ge dibentik-bentik.

Noe ngadengekeun ria atoeh.

Tah njaeta noe matak oerang lalanjah bedjer beaskeun oge oerang rempoegkeun, tjing oelah andjing ngaler bagong ngidoel-dengekeun eta sora ngeunah.

Deui ana njaho atawa ngarti, oepadi make karasa mah geuning reg eureun, ngahoeleung ngaraga mocneng, waas baloeas inget ka lampah katoekang; lalakon noe disanghareupan oepamana aja, asa dihatean lampah-keun sabar tawekal oelahi ngeplek

djawer ngandar djangdjang.

Kadung-kadang sok aja dongengna rek ngabedil manoek teu toeloes ngadeng sora hajam kongkorongek.

Tah semet ieu bae heula.

* *

Toemaros ka kolot noe njaho, toe-kang tembang djeung ngatjapi koe-maha kaajaan kabinangkitan ajeuna lebah tembang reudjeung pantoen, dimana anoe raos noe bale.

Ari pokna: ajeuna mah geus meh euweuh, da sok tibalik noe tembang sok papantonean.

Noe manteou sok tetembangan (ka-was noe tembang).

koe indoeng soekoe taja kitoe taja kieu, nja njai! Kantenan bae ari engkang, da oerang teh doeloer, sama rata sama rasa; komo eta mah ari geus heureuj djeung doeloer poesiter, mani rob batoer koering teh awewe, pada ngarerejang pada ngadjak ngandjang bari manjanji. Tah da ngan resep lebah dinjana bae akang oge. Kantenan rai oge, ariengkang nja!!!

* *

Bale Poestaka ajeuna ngaloekeun boekoe-boekoe anoe model, poendoet daptarna ka Pas. Tasik.

Voetbal.

Soerabaja — Bandoeng — Betawi. Soerabajasche In'andsche Voetbal Bond (S. I. V. B.) geus nampa see-

rat ti bidji Counie di Bandoeng, nja-eta anoe maksoedna, menta dikirim esitalna S. I. V. B. baris diadoekeun di Bandoeng sarta baris dibere ongkos f 750.— ngoeroeng sagala roepa, anoe saparona meuwang dipenta ti heula, S. I. V. B. meunang mawa reserve djea djelema, baris diadoekeun dina katopernakeun boela December atawa Jauuari, sarta ma-ke perdjandjian kieu: Lamben Soerabaja bisa ngelihkeun Bandoeng baris teroers diadoekeun djeung Batawi di Batawi sarta baris dibere ongkos f 2000.— tapi lamoen Soerabaja eleh koe Bandoeng koedoe balik deui ka Soerabaja, moal toeloes diadoekeun djeung Batawi, tapi lamoen Soerabaja bisa ngelihkeun Bandoeng di Bandoeng keneh oge geus dipentek ti heula, S. I. V. B. oe'ah ngirinekeun tektek bengkua, koedoe ngirinekeun anoe sakira bisa ngabedahkeun bentengna Bandoeng tangtoe di Bandoeng keneh oge geus didjoroeng-keun balik deui ka Soerabaja moal toeloes ka Batawi, djadi tina sabab eta geus teu koedoe beran lamoen S. I. V. B. geus sasadiaan ti ajeuna ke-neh oge

Hajoh S. I. V. B. oe'ah ngirinekeun bentengna sabab taris aja anoe ngagoreng. Orang Bandoeng andjeun masing waspadia jen benteng andjeun dijanggo djalanan liliwatan ti Soerabaja ka Batawi.

Koering pertjaja jen oerang Batawi oge moal tjtjingeun, tangtoe ngandela bentengna sabab taris aja anoe ngagoreng. Orang Bandoeng andjeun masing waspadia jen benteng andjeun dijanggo djalanan liliwatan ti Soerabaja ka Batawi.

Koering pertjaja jen oerang Batawi oge moal tjtjingeun, djeung moal njadikeun anoe loeloemajana sabab risi inggis koe bisi, bisi manggih lan wan anoe geus bisa ngabedahkeun bentengna Bandoeng, tapi karisina oerang Batawi teh tangtoe dibauding koe leber hate gede wawanen, ma-loem Batawi tara ngeok memeh di-patjok.

Malah ari tjeuk bedja mah, engke kahareupna di oerang teh baris aja atoeran anoe ales pisan keur toe-kang maen bal, nja-eta toe-kang maen bal anoe geus bisa ari anoe ngagadjih f 50.— saboelan teu meu nang digawe anoe sedjen deui kadja-ba ti maen bal, iseket saj

Nji Raden Sangkanagara

Pensioen Assistent-Wedana Istri di Imbanagara Tjiamis.

Wengi Djoemaah ping 19/12-24 parantos tjar doenga dina joeswa kinten 115 taoen ngun-toenkenn poetae poetoet boejoet bao kinten 90 dijwa roana, sani ngiring prihatos.

Nji Raden Sangkanagara waktos djoemengnaga keneh parantos djadi karamat pamoendjoeangan para poetoet boejoet miwali bao. Diantawisna poetoet anoe djadi kakasih, nja eta R. A. Anggpradja Veerarts di Medan. Boejoet kameument R. I. Wiramantri noe ajeuna masih sakola di Leiden. Bao' R. Abderraalman Onderwijzer di Sim-dangherang, kasebat bao tijkal.

Sakantoeuna Ejang Iten, ne-nelna noe kasebat di lochoer, Banagara ngiring soengkawa, Tjiamis ngiring prihatin raos katilar koe poeponden anoe dipitjina koe sadaja.

Hornatna noe ngiring sedih Wargi Banagara sareng Tjiamis.

Raden Moehamad Saleh Mangkoepradja

Dokter particulier di Bandoeng. Sareng Soemedang.

20 December '24 parantos ti lar doenga di Soemedang, diiring koe kitang Lingkoeng 500 anoe ngiring sedih, wakil sobat-sobat ~~sorew~~ wajah Dokter - Dokter sadaja saremping.

R. Dr. Saleh parantos djadi sibiwer hidji dina kapinteranana kasieuanana mushoer sapriangan malah ka noe sanies-sanes karesidenan. Andjeunna toeroenan menak. Tjiamis (Galoeh) anoe pang moeliana dina boedi balaha sarta kaajaanana. Andjeunna niatna bade tetep boemi-boemi di Soemedang ngeusian boemi sareng patamanan jasana koe andjeun noemoekken noe djadi goeroe nja eta K. Pangern marhoeun anoe koe andjeunna dipigoeuti.

Boekti doegi ka ajeuna an-deunna dipendem di Sm. di Goenoeng-Poejoe handap.

S. P.

Soerat.

Kang raji

W. A.

Handeueulna mah kalintang, bet toeloes teu bisa djoeng, anoe beunang sakitoe ngarep - ngarepna & kana waktoe kongres basa Soenda. Tapi kaaebaran oge benerna mali koe toe-lisan-toelisan noe aja dina s. k. S. P.

Ari boektinga beuki njelengit ati koe teu bisa indit, ngarasoela koe teu koengsi datang.

Satadina koe angkeuhan; djoeng ka Bandoeng, gok djeung raji ngo-mong, ngomong. Isoekna bring erang aritdit kana koempolan. Tali di dinja oerang rek betah, rek henteu; betah bae, toeloekjeun; tjenah henteu, tinggalkeun.

Tapi koe rasa akang, sageuj nepi ka paroengpoeng taja maddean, atawa kawoeng koerang lahang, da Panere-san tedak Padjadjanan.

Ras ajeunana, matak tonggoj kato-tonggoan, toeloej katoetoleojaen hadena akang matja "Bale Bandoeng"

IMPLIK-IMPLIK

Nji Djoeminem.

Koe K. M.

Samboengan Sp. no. 26.

(Diwagel dipetik).

"His teu njaho!" djawab anoe ngawihi tadi; "ka ditoe bae tanjakeun koe sorangan?" bari noendjoek ka Nji Djoeminem.

Noe ditoendoek baeud, baeud anoe haseum tea taja oepahaneunana, omongna. "Wah, ketah ngawadoel Alirahim mah, njao kami mah teu" teusingna!"

lebah soerat ti Kiai Koerdi: k amari, henteu kapanggih, mangkoekna henteu kasoespel

Berkah **recep!!!!** ati teh; ana toloej, bet aju toloejna, tjolitoe, gap, Bale Bandoeng."

Eta deuiiii, teu ari koe **edas** djeung enleuh, ka loehoerna mah; euleung, oenbieti, toketjang, oetjang - oetjang angge.

Boga pikir "rek waktja", era koe kukolotan, toeroeg toeroeg mending moen lain basa Soenda mah; djeung era sorangan, da boeboehan goreng-goreng oge sok radjeun djadi pananjanan sasana. Ari benteu, njeta men ding api-api teu boetoch, "noe kitoe kitoe bae diaroereskeun, tiara hoe-dak," (tjik pikiran saliwat); asa pirakoe nepi ka kitoe onaman. Kadjabla ari geus ninggang titis toelis djandji akang, "koedoena teter hate **beak akal**".

Noe matak sawadina akang **waktja**, teu **ksharti**. Neda **keterangan** atawa tarekah kang raji, boeboehan geus pada wawoeh, "koemaha tea? naon tea? pangeuse boekoe Bale-Bandoeng teh.

Ari atjeukna mali bet djiga noe ngalewana kama kabingoeng akang, pokna **gc**, (doeka njindan doeka na-on): "Andjeunna, koedoe meuntjut hajam heula, atoeh."

Koe akang teu didjawab anggoer dibalengbarkeun tapi dina ati mah

Salam akang noe sono

B.

SB. taoen 1855

Tarip bajaran Sakola

Di Volksraad direktoer Onderwijsnarios, jen pamarental rek ngadjalankeun deni atoeran heubeul, nja eta baoak kahidji majarna sakeorang-koerangna (minimum) f 0,15. saboeulan. Ieu atoeran baris di djalamkeun, dina boekla Sakola taoen anjar (1925). Anoe baris ngoeroes njeta School-commissie (hoofdelen van het gewestelijk bestuur).

Djelema, jlelema leutik babakoenna oerang kampoeng anoe bisa ngasoekun boedakna ka Sakola desa atawa sakola kl. II, diaosoekun kana Cata-gorie handap.

Kitee deui djelema - djelema noe di aseopkeun kana. Catagorie rada lochoer, bajaran boedakna tina f 0,75 ditaekkeun kana f 0,80.

Noeroetkeun boedak kahidji atoeran bajaran teh dikelas-kelas kieu: f 0,15, f 0,25, f 0,50, f 0,80 djeung f 1,25.

Koe ieu atoeran djoemblahnna bajaran Sakola klas II kawasna moal NGOERANGAN.

Tapi di Volksraad di badainikeun jen ieu atoeran teh rada teu beres, sarta divoorstel soepaja djelema anoe henteu bisa majar f 0,25 samasakali henteu majar (gratis). Eta voorstellan teu baris didjalankeun.

Noehoen, sareboe, samalioen kali noehoen !!!!

-o-

Sakola Sarikat Rajat.

Tjek **Aneta**. Sakola rajat di Gang Masigit (Kebon Djeroek) pangoeroesa-na Soekardi, ditoetop deui, lantaran heuteu ngageugeuh nagara tina perkara pangadjaranana, tempatna djeung goeroena noe baris ngadjarina.

Soekardi teh maling-maling ngamimitan ngadjar. Goerdejat serse (gewestelijke recherche) di tang kasampak Soekardi keur ngadjar, moeridna aja 17 siki:

"Wah, enja! enja meureun", tjek batoer-batoerna raong", "ka saha euj, ka saha?"

Kolot anoe tadi ngariehan rasa kaganggoe hateuna, ketur ngareunah oedoed ngadenge baroedak ngaromong kitoe, teroes pada mara-djoe deui, anoe pang heulana indit ti eta tempat nya eta bapa Endjoem roepana teu hajang ngadenge onong baroedak djeung bantahan anakna.

"Wah kami mah moen tatiyan salawe taoen mah moal boga salaki! kadenge deui bantahan Nji Endjoem Baroedak beuki reang, ngajenja-enja djeung naranja.

Diantarana ngan aja hidji anoe tji-

Atoeh isoekna sang goeroes teh diiring ka landgerecht, sarta sakelana ditoetop. Manehna (oge djadi kapala sakola di Mr. Cornelis) nampa bisloet ti residen Batawi. venina: manehna di djero doea taoen teu meunang ngagoeoean.

Manehna diidinan rekes ka G. G. oepuma manehna henteu soeka.

Tooneel - uitvoering.

Kanggo noeloeng noe katjilakaan di Wonosobo tempatna di Soes Galoenggoeng Tasikmalaja dina wengi Minggo ping 27 December 1924. Diadegkeun koe Pagoejoeban **Rockoen Galoech Soekapoera**. (Moerid-moerid sakola pertengahan di Batawi)

Pamajarana teu ditangtoskeun moeng bade diajana Collette bus sareng diideran kembang.

Sadaja patarosan sue ka: Hoeziju p/a R. Kartasobaja H. O. Djadjawaj sareng ka:

Oewot p/a M. Awan Natasendaja Onderwijzer 2e H. I. S. Tasikmalaja.

Warta ti Boekerij Pasoendan Tasikmalaja

Diemoetkeun ka sadja anoe toenggak artos boekoe, moegi-moegi enggal kersa meresan margi ros panarosan ti nandeelh, sareng pirempagna sidaja soepados anoe taroenggrak di lebetkeun dina S. P. sareng dioceros koemaha mistina.

Enggal ti ajeuna diantos sadaja kitoenan koe: Pangoeroes boekerij Pasoendan Tasikmalaja.

-o-

Kota Noorwegen.

Mimiti boclan Januari 1925 Kotana Noorwegeu diganti ngaramma nja eta Oslo, Ngaran heubeulna Christiania.

-o-

Steun-Comite Wonosobo Tasikmalaja

Anoe parantos katampi aja f 113.06^{1/2} Tampi deui ti M. Engkawidjaya Tjimoerah f 0,25 Ti Goeroe² sareng moerid² f 4,68^{1/2} Ti Tjidoelang f 0,50 Ti M. Darunaprawira Leles f 0,25 Gaoet f 120,50

Mangga ti saha deni?

-o-

Tingali S. P. no. 25

Ti Bagian Kaoen Tasikmalaja f 22,70 Anoe Derma ti Bagian Kaoem: Sp. 26. M. H. M. Sajoeti f 10; R. H. M. Saleh f 1,50 R. H. Aboebakar f 0,50 R. Kartadiredja f 1; R. A. Joenoes f 0,50; H. A. Samoesi f 0,50; R. H. M. Gadjali f 1,50; R. M. Bakri f 0,50 R. M. Pakih f 0,20; M. H. Hoedri f 0,20 M. H. Toehi f 0,30; R. M. Soebhi f 0,20 R. H. A. Dasoeeki f 0,50; R. Oesman f 0,25, M. Adipradja f 0,20; R. M. Said f 0,25; Ilhamad f 0,20; M. Sabidir f 0,25, R. Hasanroedin f 0,15; Djadjoe f 0,15; R. M. Mamoen f 25; R. M. Djoeenaedi f 0,25; R. A. Ganji f 0,20; R. M. Isa f 0,15; R. A. Sadikin f 0,25 R. A. Dimjati f 0,10; M. A. Suerodji f 0,20; R. A. Pakih f 0,20; R. H. Zinal Arif f 0,50; Haeroedi f 0,10; Abdolmanap f 0,10; M. H. Salch f 0,25 M. H. Sarhasi f 0,30; M. H. Emod f 0,30; M. M. Kosasih f 0,15; R. H. Apandi f 0,25; Abdoolwahab f 0,10; M. H. Abdellah f 0,25

INDONESIA.

Tina s. k. Walanda
Sakola Schakel anjar.

Dina boelan Juli 1925 di Tjiamis, Bogor, mbon, Keboemen, Poerwore-

tjing ngaboeidi octjing semoe teu aja bahan kana rea octjap, tapi dina hantena mah rea kabina bai piomongeunana, keur Nji Djoeminem, katendjona nadjan hideung ngaboeah manggoe tempong, bae manisna mah, karang lebuh biwir teu boseu mandang nadjan boeook koesoet ngarewig, ma'loem teu kaone tapi kawas djadi pangdleoeng, pangawakan djangkoeng leutik pinareup geus njentreu ngaboeah pasang, tjangkeng lengkeh lir papanting, rea noe njangka sarta ngira, jen meureun Djembawati teh, dina Wawatjan Ningroem kawas Nji Endjoem. Tjindekna koe baroedak kampoeng, Nji Endjoem djadi gagasan,

djo-djeung Tjiandjoer bakal diboeuka Sakola Schakel.

-o-

Njegah Communisme.

Di Ternate ajeuna euweuh hak ngajakenn vergadering. Tjek "Baviaasch Nieuwsblad" katjida kaom Communist hese madjoena. Di Bandung oge siga sigana hak koempolan teh bakal ditjajabot (beperkt).

-o-

Siga-sigana mah . . . !

Di tweede Kamer di Nederland begrooting begrooting Marine (balad laoefan) ditjiratikeun.

Noe njarita rea. Tapi noe katjila goemirana nja eta omonganana toe Van Schaik (Partij Katholiek)

Van Schaik djeung sabatoerna noe bareto bisa ngadjatdheun vlootwet tea.

Minister Marine Westerveld katjida keuhuleunana kana tjaritaanana Van Schaik. Minister menta ka Voorzitter tweede Kamer soepaja Van Schaik oelah toloej ujaritana. Voorzitter noer kana pamentana Minister.

Neudjo kaajaanana debat di tweede kamer kitoe, siga - sigana vlootwet teh bakal ditolak deui. (Moega moega bae enja ditolak Corr.)

-o-

Kabar Pasar.

Soerabaja 12 December '24.
Geela pasir sapikoel f 13^{1/2}
Kopra Djawa sapikoel f 19^{1/2}
Kopi sapikoel f 70

-o-

Loear Indonesia.

Tina s. k. Walanda.

Spanjol di Marokko

Aja kabar Reuter, jen halad Spanjol ti Kala Baehandoen geus moen-doeur ka Larache djeung Meserah. (Sigana Spanjol di Marokko ripoech Corr).

-o-

Mesir djeung Inggris

Pamarentah I geris mere njaho ka tanah mana bae atawa ka saha bae noe pipiloeun kana perkara Inggris djeung Mesir, koe Inggris hakal dianggap ngamoesoeh ka Inggris.

Kabinet Mesir (Minister - Minister) bakal ngaboearak parlament Mesir, sarta pilinan lid Parlement bakal di-dagokeun pangsaeutikra doea' beelan. Kangga kaun Zaghul (nationalisten) katjida keuh

T A S M A.

Roeipi-roepi Tasma sajagi di Apotheek „Preanger Chemicalien handel“ Tasikmalaja keur noe sotjana kirang sae sareng Tasma keur perdjagian noe koneng, hedjo, boelao s. s. t.
Marijs sotja gratis teu kedah majar.
Mangga saroemping ka Toko taringalian.

TOKO PALEKAT AMING ABDULHAMID PASAR BAROE SR., BANDOENG.

Sajagi roepi-roepi Seroeng Palekat tjaap Korsi, tjaap Mobil (M. M. H.) noe parantos bekend vinkintannan, ditanggel teu tijasa loentoer sareng seueur deui roepi-roepi Palekat noe teu kasebat di dieu.
roepi-roepi saroeng Soetra, Samarenda, Poentianak, Trengganoe, Foleg damelan Priangan, Foleg Cheribon sareng nampi pesenan Poleng damelan Cheribon, Priangan, tjioretua roeoetkeun sakomalai kapalaj sajagi No. 1, sareng No. 2.
Roepi-roepi barang Koeningan damelan Djogja, Soerabaja, Bandjarmasin, Cheribon sareng Soemadang. Sareng nampi pesenan Ketoe-oedeng, model Kasoendan Pringan, Padamelan ditanggel sae.
Barang-barang noe kasebat di loelhoe pangaos direken mirah, keur itjaleun deui langkoeng mirah. Mangga enggal ngagaleuh (pesen) ka:
Toko Palekat, Tinnoenan, Koperartikelen en Ketoe-oedengmakerij
Pajoeneun Pasar Baroe pisan No. 88.

SIK DJOEN KWAN

TOEKANG GIGI

Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angan-angan sadajana, jen di doenja palaj hi-
reep senang sareng kaschatan, dina wrang toeang kapalaj teh
aneo parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang
toeang anoe raraos teb, meh teu aja anoe ngemoetkeun kana
kaschatan waos mah, moegi sakoe anoe ditoeang eta sajaktosna
nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami
ngagoedoeck ka lebet doegi ka kadjadjan ujeri waos sareng ko-
ropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu
ditoeoeng koe ahjina (dokterna) moal tiasa sae, katoengan
aneo teu antoer pisau ngadjadikun kasawat laledeng poesing,
njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana
barang toeang sareng sanes-sanes. Ieu sadaja kasawat moal
tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng
pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njaja-
geun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa di-
landongan koe sin koering kal-win ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang,
perak, emas sanis-kanten aja. Ngaratakeun waos ngabersihau
sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koe-
margi kieu, tangtos djadi ngawoewoh tjabaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oleh salempang.
Djoeragan-djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja
eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a saroempingna,
SIK DJOEN KWAN
Sariubit.

BOEKOE - BOEKOE.

Elmoe Islam kaloearan Tjerebon. Anoe palaj oeninga sadja-
tina elmoe Islam, anggoan K. G. Maulana Sjafie Hidajatoellah
paengeloeniug Wali noe soemare di Goenoeng djati Tjerebon,
sareng sanes-sanes deui mangga maroendoet:

Femimpin Kemanoesiaan sadjati, 3 djilid f 2,75 franco di
post f 3.—

Rantungan Tjehaja, kaetang elmoe lalakina bagian oesoel à
tasaoep mah, agama naou bae tarekat mana bae anoe henteu
tjekap katranganana, loentoer sadja oepami parantos maos
Rantungan Tjehaja mah pangaos franco f 1,80 rembours woewoeh
37½ cent.

Dalil-dalil anoe kasebat dina boekoe-boek e henteu diserat
koe Arab, doepi maksadna:

1. Teu mambribi fasahatna noemoetkeun tadjwid, eta henteu
ngarendahkeun kana Pakih anoe sjah.
2. Boekoe-boekoe kitue sok radjeun dibeuilian koe sedjen
Islam, soepados dalil Koer'an noe asti henteu katinijakan teuing
koe kaeom penghina Islam, noemawi dilalambé koe dal hoeroef
Latijn bac; dina Koer'an oge henteu kasebat laranganana.

Miradina Kangdjeng Nabi perloe dipibanda koe sadaja
kaeom Islam pangaos f 0,70
Boekoe Riwayat perdjalanan Moestafa Kemal Pasja, djago
Angora.

Saha-saha noe palaj oeninga pahlawan Moestapa Kemal
aneo parantos ngamoek di Toerki, dijalaran bangsaa didamel
sawenang-wenaung koe Europa sarikat. Dina ieu boekoe ditja-
rioskeun nalika andjeunna masih alit doegi ka diwasa, koemaha
lalampahanana peperangan sareng pidato-pidatona diua koem-
poelan-koempoelan kabangsaan. Mangga saksikeun dina perangna.
Grikeuland disepak paboerantak, Frankrijc didengkek ngelel,
Armenie digitistik ngabangtingk ampoen-ampoenan nganggo gam-
barna, pangaos f 1,50.

Noe ngantos pesenan:

DRUKKERIJ „BOERHAN“
Pengamponstraat Cheribon.

TOKO NIC MULLER Coenoenglaoe TASIKMALAJA

Sajagi oebar-oebaran sapertos:

Landong, panjegah, bobot.

Landong keur ngadjagi oelah keu-
na koe panjikit istri.

Landong keur panjikit istri.

Landong keur ngingatkeun „badan“.

Landong gohgoj sareng seueur-
seueur deui.

Mangga bae tingalian ka Toko!!!

Ladjeng njobi-njobi ngagaleuh!!!

TOKO BOEKOE LEZERS BOEKHANDEL

Telefoon No. 13
STATIONSWEG 6 TASIKMALAJA

L. S.

Saha-saha anoe bojong di kintoeban
Prijscourant aniar kaping 1 Januari
1925, mangga njerat ka koering at-
napi soemping ka toko njandak koe
andjeun.

Hoermatna simkoering
L. A. LEZER.

Hotel SIANG HAY STATIONSWEG Tasikmalaja.

dres jang soeda tersohor, pemeliharaan bagoes netjis, model
sekarang, penerangan menjenangkan,
pembajaran bersaingan.

Djangan loepa toeanc-toean dan
sobat-sobat silahken dateng di
saja poenja Hotel, tentoe tida
aken ketjiwa.

Eere diploma ti Groote Tentoonstelling
Tasikmalaja.

KOEK-EN BANKETBAKKERIJ

Fabriek

RADEN NAJAMIHARDJA

Stationsweg Tasikmalaja.

Tiasa midamel sareng njajagikeun
roepi-roepi koeweh taartjes eusi pou-
ting di noe hadjat. Roepi-roepi koeweh
kering (banket) 1 pond pangaos
f 1,— doegi ka f 3,— enz

Koeweh Gato (taart) anggoen pa-
pas pangantun roepi-roepi pangaos
roepi-roepi raosna (saena oge) ti f 1,50
doegi ka f 10,—

Pangaos mirah padamelan di tang-
gel sae sareng bersih.

Saha noe teu kabengbat koe kara-
ngan R. Tjandrapadja? Geura nos
Wawatjan Satria Toenggara moeng
f 0,75 ongkos vrij.

Toko Boekoe Pasoendan

Tasikmalaja.

N. B. Noe sanes-sanesna oge roa,
manga poendoet bae daptarna, roepi-
roepi wawatjan Limasenan Opruim-
ming! Opruiming 50% korting.

Kanggo njajagikeun artos piwaragadeun sakolana pala poetra,
kanggo njajagikenn pimodalounan, atanapi kanggo perdjagian
dina parantos sepah, tiasa enteng oepami para djoeragan kara-
resa njimpfen di.

„GOENA PERNIAGAAN“ BANDOENG.

Oepami teu atjan oeninga kana atoeranana mangga enggal poen-
doet ka noe djadi panggoerées:

DJOERACAN, - DJOERACAN,

Anoe palaj nganggo Ketoe-oedeng noe sareng
mirah ongkosna, enggal soemping miwarang njieun ka:

KETOE-OEDENG MAKERIJ

,S. ABDOELGONY“

Pasar-Baroe kaler No. 16, BANDOENG.

Ongkos kango 1 Ketoe-oedeng, sabeulah oedeng f 1,—
Bidji f 1,25 Modelna roepi-roepi Koemaha kapalaj.

N. V. Algemeene Levensverzekering Maatschappij „INDONESIA“

Kantor locloegoe
Bragaweg No. 37/39

Bandoeng.
Telefoon No. 3135.

Njaeta hidji pagnejoeban bab ngagolangkeun artos noe berang pri-
boemi, noe ajana pangpajecenna sareng pangloeherna.
Margi
Diadeukeun koe Boemi Poetra.
Dimodalan " "
Ditoengtoen " "
Dio-roes " "
Keur kaperloean " "
Nampi sagala roepi asoeransi dijwa sareng Studiebeurseen (tjengtje-
lengan keur diadiar). Keterangan noe langkoeng paos moendoet ka Di-
rectie sareng agen-agen.

Oelah lali ka Adres noe parantos kasohor
Kenging roepi soerat poesjian sareng Eere diploma tina Tentoonstelling

KEMASAN „DAHJAN“ Tasikmalaja.

Ngitjal barang Mas Inten sareng Perak, saper-
tos: Paniti, Rante, ali s. dj. t.

Tiesa nampi pedamelan. Ongkos direken mi-
rah, sareng di tanggel moal koetjiwa.

Mangga tjarobian.

ADVERTENTIE.

HAK TANAH

dina wewengkon Hindia Nederland. (Rechten op den grond in
Nederl. Indie).

Seueur keneh anoe teu atjan oeninga tina perkawis hak
tanah, doegi ka sok sering djadi panjerowadan, ajeuna parantos
kalbeur boekoe pangaweroh perkawis hak tanah, dikarang koe
Mr. JAARSMA advocaat di Soerabaja, ieu boekoe perloe kae-
ninga sareng digaraleuh koe perjaji B. B. Punoengtoen pergerakan
sareng koe para soedagar.

Disajagikeun di toko van Dorp & Co.

pangaosna moeng f 7,50

TOKO BOEKOE PASOENDAN

TASIKMALAJA.

Kaperloean sakola-sakola II sareng H. I. S.

„ para sepoeh, kitab-kitab wawatjan.

„ „ poetra Goegoeritan wawatjan.

Poendoet daptarna. Ageungkeun kana maraos.